# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहले हवे कि हम सभे भारत क विकसित राष्ट्र बनवले के अपने संकल्प के दिशा में काम कई रहल हंई। कई तरह के कठिनाइयन के बिच्चे भारत देखा रहल हवे कि ओकरे खातिर कुछऊ असंभव नइखे। श्री मोदी ई बात आजु पीलीभीत में भाजपा ओम्मेदवार जितिन प्रसाद अउर पार्टी क बरेली ओम्मेदवार छत्रपाल सिंह गंगवार के समर्थन में चुनावी रैली के संबोधित करत कहले। प्रधानमंत्री बनले के बादि श्री मोदी का पीलीभीत में ई पहली चुनावी रैली रहल। आकाशवाणी संवाददाता बतउलें कि जनसभा में श्री मोदी कहले कि कांग्रेस क सरकार दुनिया से मदद मांगत रहे बाकिर कोरोना महामारी के समय भारत दुनिया के दवाई अउर वैक्सीन भेजलस। उहां के कहली कि जब देस मजबूत होला त दुनिया ओकर बाति सुनेले। हमहन के दुनिया भर में भारतीयन के बचवली ई सब आप लोगिन के एक ओटि के बदौलत संभंव हो पावल। श्री मोदी कहले कि नौजवानन बदे रोजिगार क नया मौका पैदा हो रहल बाटे। उहां के खेती के उपज में पीलीभीत के महत्व क चर्चा कइली। अउर सरकार की ओरि से किसानन के देवे वाली सहायता के कोसीस क तारिफो कइली। उहां के गन्ना किसानन खातिर सरकार की ओरि से कइल जा रहल कोसीस के चर्चा कइली जवने में नया चीनी मिल खोलल अउर मौजूदा मिलन क विस्तार कइले के सथहीं किसानन के वित्तीय सहायता बढ़ावल सामिल हवे। येह मौका पर वरिष्ठ भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाइ मे आजु हमहन के बदलत भारत के देख रहल हई जहवां सुरक्षो बाटे, सम्मानों बाटे, विकास का बढ़हन योजनो बाटे अउर गरीबन के कल्याणों बदे योजना बाटे। श्री योगी रामोपुर में एगो चुनावी जनसभा के संबोधित कइलें।

**********

चइत नवरात्र के साथे अजुवे से नया संवंत के सुरूवातों हो गइल हवे। नवरात्र के मौका पर आस्था अउर उल्लास के वातावरण में प्रदेस भर के दुर्गा मंदिरन में आजु ब्रम्हमुहूर्ते से श्रद्धालु माता के दर्शन पूजन कइ रहल हवे। नवरात्रि के पहिले दिने आजु मॉ आदिशक्ति के शैलपुत्री स्वरूप क अराधना कइल जाला। मिर्जापुर जिला क प्रसिद्ध शक्तिपीठ विन्धयाचल में बितल आधी रतिये से श्रद्धालुअन के तांता लागल बाटे। एइजा देस के अलग–अलग हिस्सा से श्रद्धालु मॉ विन्ध्यवासिनी क दर्शन पूजन करे पहुंचि रहल हवें। बलरामपुर जिला के देवीपाटन सक्तिपीठ पर आजु भोरवे से श्रद्धालु लाइन में लगि के माता क दर्शन पूजन कई रहल हवे। एइजा देस के कई गो हिस्सन से अउर पडोसिहा देस नेपालों से ढेरि संख्या में श्रद्धालु पहुंच रहल हवे। इहा चइत नवरात्र से शुरू होके एक महिना ले चले वाले राजकीय मेलो क आजु शुभारंभ हो गइल। महराजगंज जिला के लेहडा देवी मंदिर, चित्रकूट जिला के पुरानी बाजार के पेशवाकालीन प्राचीन काली मंदिर, गोरखपुर के चौरी चौरा में स्थित तरकुलहा माइ मंदिर, कुसमी जंगल क बुढ़िया माई मंदिर, जौनपुर जिला के ऐतिहासिक शक्तिपीठ मॉ शीतला चौकिया धाम में आजु भोरवे से श्रद्धालुअन क तांता लागल बाटे। बनारस के सज्जों दुर्गा मंदिरन में चइत नवरात्र के पहिला दिने आजु मॉ आदि शक्ति के पहिला स्वरूप शैलपुत्री क पूजा कइल जा रहल हवे।

**********

नया संवंत अउर चइत नवरात्र के पहिला दिने आजु अजोध्या में भगवान रामलला विशेष वस्त्र धारण कइले। प्राण प्रतिष्ठा के बाद पहिली बेरि रामलला के वस्त्र क शैली बदलल गइल हउवे। उनके कपड़ा पर मोर आ अउरियों वैष्णव चिन्ह के रंग बिरंगा रेसम के साथे सोना अउर चानी के असली तार से कढाई कइल गइल हवे। ओहर रामनवमी पर रामलला के सूर्य तिलक लगावल जाई। राम नवमी पर दुपहरिया बारह बजे करीब चार मिनट ले रामलला के माथें पर सूरूज क किरिन पड़ी।

**********

वाराणसी के कैंसर अस्पताल में मरीजन के काशी विश्वनाथ मंदिर की ओरि से शुद्ध पौष्टिक खाना खियवले क आजु विधिवत शुरूआत हो गइल। काशी विश्वनाथ मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्रा बतवले कि मंदिर क ई पहल सामाजिक जिम्मेदारियन के निभवले क हिस्सा हवे। बनारस के कैंसर अस्पताल में भरती मरीजन के शुद्ध खाना उपलब्ध करवले के उद्देश्य से आजु नवरात्रि के पहिला दिने विसिष्ट लोगिन के मौजूदगी में कैंसर अस्पताल के खाना उपलब्ध करावे वाली गाड़ी के रवाना कइल गइल।

**********

काला नमक चाउर के दुनिया भर में पहिचान दियवले में महत्वपूर्ण योगदान देवे वाले कृषि वैज्ञानिक डाक्टर आर सी चौधरी के राष्ट्रपति बाइस अप्रैल के पद्मश्री से सम्मानित करिहे। डाक्टर चौधरी संतकबीर नगर जिला के झिंगुरापार गांव के रहवइया हउवे।

**********

प्रतापगढ जिला के हथिगंवा थाना क्षेत्र में फूलमती नाला के लग्गे काल्हि ढेरि राति के लखनऊ–प्रयागराज हाईवे पर एगो निजी बस अउर ट्रक के टक्कर मे बसे में बइठल तीन जने क मउति हो गइल जबकि दस जने घाही हो गइलें। घाही लोगिन के इलाज बदे सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र कुण्डा ले आवल गइल। प्राथमिक उपचार के बाद उन्हे एस आर एन अस्पताल प्रयागराज भेज दिहल गइल ।बस मे बइठल सज्जों जने उन्नाव से विन्धयाचल धाम माई विन्धवासिनी क दर्शन करे जात रहले। लखनऊ–प्रयागराज हाईवे पर सामने से आ रहल ट्रक से टक्कर के बाद बस पलटि गइल।

**********